

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif digunakeun upamana miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun atawa ngajelaskeun kajadian nu aya di jaman kiwari. Métode déskriptif bisa ngadéskrripsikeun hiji variable atawa leuwih tina hiji variable panalungtikan. Métode panalungtikan mangrupa cara nu digunakeun pikeun meunangkeun data anu diperlukeun dumasar stratégi, prosés jeung dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi ruang jeung waktu tina data nu diperlukeun (Sudjana, 2004, kc. 52).


Métode déskriptif téh dihartikeun salaku prosedur matotoskeun masalah nu ditalungtik ku ngagambarkeun atawa ngalukiskeun kaayaan subjék atawa objék panalungtikan (hiji jalma, lembaga, masarakat, jsb) dina jaman kiwari dumasar fakta-fakta nu aya (Nawawi, 1993, kc. 63)

Panalungtikan déskriptif, dina ilaharna digunakeun téhnik *study kasus*, *study pengembangan*, *study korelasi* jeung *survey* (Sudjana, 2004, kc. 52).

Sacara singkat bisa dicindekkeun yén métode déskriptif mangrupa léngkah-léngkah ngalakukeun *representasi* objéktif ngeunaan gejala-gejala anu aya dina masalah nu ditéangan.

Dina panalungtikan basa, métode déskriptif biasana digunakeun dina medar masalah struktur internal basa, diantaranya struktur sora (fonologi), struktur kecap (morfologi), struktur kalimah (sintaksis), struktur wacana jeung struktur semantic. Ku kituna métode déskriptif bisa ngabéjérbéaskeun data-data nu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekkan tina ieu panalungtikan (Sudjana, 2004, kc. 54).

Dina pamarekan kualitatif nu make métode déskriptif diperlukeun ayana desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa rarancang nu digunakeun ku panalungtik dina ngalaksanakeun kagiatan. Ieu di handap mangrupa desainna.



Bagab 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan karangan pangalaman siswa kelas VII-4 SMPN 3 Bandung , jumlah siswana 31 urang, anu ngawengku 20 awéwé jeung 11 lalaki. Tina éta sumber data dikumpulkeun karangan pangalaman pribadi siswa pikeun ngajaring data campur kode.

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data digunakeun dua téhnik, nyaéta téhnik tés jeung téhnik angkét.

1) Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun meunangkeun data karangan pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung taun ajaran 2017/2018.

2) Téhnik Angkét

Téhnik angkét digunakeun pikeun meunangkeun data faktor anu ngabalukarkeun lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMPN 3 Bandung.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Panalungtik datang ka sakola nepungan Kapala Sakola jeung guru basa Sunda pikeun ménta idin ngayakeun panalungtikan;
- 2) Sanggeus meunang idin, panalungtik asup ka kelas, tuluy nugaskeun siswa nyieun karangan pangalaman pribadi;
- 3) Panalungtik ngumpulkeun karangan nu dipigawé ku siswa.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta sakabéh alat atawa cara ngagunakeuna pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil tina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Sudjana (2004, kc. 58), instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun pikeun meunangkeun data. Ieu alat kudu dipilih luyu jeung jenis data nu dipikahayang. Instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data, dina hakékatnamah pikeun ngukur variabel panalungtikan. Instrumén kaitung penting dina panalungtikan, sabab tanpa instrumén nu alus, moal bisa meunangkeun data nu bener-bener bisa dipercaya, sahingga bisa nimbulkeun kasimpulan panalungtikan nu salah. (Sudjana, 2004, kc. 58).

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lembar Tés Siswa

2) Angkét

Angkét digunakeun pikeun mikanyaho faktor nu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa kela 7 SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2017/2018.

Kisi-kisi angkét anu dipaké di antarana saperti ieu di handap.

- a) Kasang tukang siswa.
- b) Basa nu digunakeun sapopoé.
- c) Basa nu digunakeun di sakola.
- d) Basa nu digunakeun di masarakat.
- e) Basa nu digunakeun dina media social.
- f) Sikep jeung kabiasaan ngagunakeun basa Sunda..

ANGKET CAMPUR KODE

Wasta :
 Kelas :
 Sakola :
 Alamat :
 Basa nu dikawasa :
 Asal Bapa :
 Asal Indung :

A. Kulawarga

1. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung Bapa

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Sinta Dewi, 2018

**CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
 KELAS VII SMPN 3 BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung Indung

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung lanceuk atawa adi

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nyarita sapopoé jeung kulawarga séjéna

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

B. Sakola

1. Basa nu digunakeun nalika pangajaran basa Sunda

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika nyarita ka Guru basa Sunda

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nalika nyarita dina waktos istirahat jeung babaturan

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung lanceuk tingkat

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

C. Masyarakat

1. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung tatangga

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin saumuran

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

3. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin saluhureun

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

4. Basa nu digunakeun nalika nyarita jeung babaturan ulin sahandapeun

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

D. Media Sosial

1. Basa nu digunakeun nalika *chatting* jeung batur

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

2. Basa nu digunakeun nalika *update status*

- | | |
|---------------------|----------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Daérah Séjén |
| b. Bahasa Indonésia | d. Basa Campuran |

Alesan:.....

E. Sumber Informasi jeung Komunikasi

Sinta Dewi, 2018

CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA

KELAS VII SMPN 3 BANDUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1. Bacaan di Imah
A. Majalah :.....
B. Koran :.....
C. Nu Séjéna :.....
2. Acara Radio/TV
A. Warta :.....
B. Seni Sunda :.....
C. Acara Séjéna :.....
3. Géngsi atawa henteu make basa Sunda?
Jawaban :.....
Alesan :.....
4. Hésé atawa henteu make basa Sunda téh boh dina pangajaran, boh dina nyarita sapopoé?
Jawaban :.....
Alesan :.....

Gambar 3.2
Angkét Campur Kode

3) Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa. Dina kartu data aya nomer atawa kode data, paragraf, prosés campur kode jeung kalimah.

Nomer/kode data	:
Paragraf ka	:
Prosés Campur Kode	:
Kalimah	:

Gambar 3.3

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Conto Kartu Data

Nomer/kode data	: C01
Paragraf ka	: 2
Prosés Campur Kode	: Chiken
Kalimah	: “Kuring mah kuduna beurang téh daharna jeung endog atawa <i>chiken</i>”

Gambar 3.4 Conto Eusi Kartu Data

Conto Ngalapkeun Data:

C01/2/5

Keterangan:

C01 : Karangan Pangalaman Pribadi Data 01

2 : Nuduhkeun Paragraf

5 : Nuduhkeun kalimah ka 5

3.3 Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, tuluy diolah pikeun. Ari ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis. Data nu kumpul diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui karangan pangalaman pribadi siswa nu geus di pigawé.
- 2) Maca karangan pangalaman pribadi siswa.
- 3) Nyirian campur kode dina karangan pangalaman pribadi siswa.
- 4) Nyalin campur kode kana kartu data.
- 5) Ngadaptarkeun campur kode tina kartu data.
- 6) Ngaruntuykeun jeung ngodeuan data campur kode.
- 7) Nyieun papasingan campur kode dumasar kana nu ngawujud kecap, wujud frasa, baster, rajékan, idiom (pakeman basa), jeung klausa.
- 8) Nganalisis campur kode dumasar kana nu ngawujud kecap, wujud frasa, baster, rajékan, idiom (pakeman basa), jeung klausa.
- 9) Ngadéskripsikeun campur kode.
- 10) Nafsirkeun campur kode.

Sinta Dewi, 2018

CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA

KELAS VII SMPN 3 BANDUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

11) Nyeun kacindekan.

Sinta Dewi, 2018

*CAMPUR KODE DINA KARANGAN PANGALAMAN PRIBADI SISWA
KELAS VII SMPN 3 BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu